

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana déskripsi anu geus dipidangkeun dina bab saméméhna ngeunaan “Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulikan Struktural Dinamik jeung Étnopédagogik)” bisa dicindekkeun kieu.

- a. Struktur rumpaka Tembang Sunda Cianjuran aya nu dianggit dina wangun pupuh, aya ogé anu dianggit dina wangun non pupuh. Sanajan dianggit dina wangun pupuh tapi teu sakabéhna gugon kana patokan pupuh, lantaran ngudag eusi jeung purwakanti. Sacara umum téma rumpaka Tembang Sunda Cianjuran nya éta cinta patali jeung katugenah haté anu ngawengku 16 rumpaka, agama opat rumpaka, sajarah opat rumpaka, cinta ka lemah cai sarumpaka, kaéndahan alam tilu rumpaka, jeung kahirupan sosial manusa dua rumpaka. Rasa anu panglobana kapanggih nya éta rasa sedih, lantaran patali jeung katugenah haté. Rasa anu séjénna nya éta reueus kana kaéndahan alam jeung rasa rumasa ka Pangéran. Sacara umum nada anu kapanggih nya éta ngageuing, ngélingan, jeung pinuh pangharepan. Ari amanatna, lolobana ngélingan manusa sangkan dina nandangan kapeurih téh urang kudu salawasna muntang ka Pangéran.
- b. Eusi rumpaka Tembang Sunda Cianjuran sacara umum nyaéta katugenah haté alatan paanggang jeung nu dipikacinta atawa nyeri haté alatan teu dipikacinta. Aya ogé rumpaka anu ngébréhkeun hubungan manusa jeung pangéran, kaéndahan alam, cinta ka lemah cai, sajarah sarta kahirupan sosial manusa.
- c. Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran mibanda ajén énopédagogik anu luhung, nya éta : (1) Prilaku Nyunda Tri-silas anu ngawengku silih asih, silih asah, jeung silih asuh; (2); Catur Jatidiri Insan anu ngawengku pengkuh agamana, luhung élmunana, jembar budayana, jeung rancagé gawéna ; (3) Panca Rawayan (Gapura Panca Waluya) anu ngawengku cageur, bageur, bener, pinter, singer; jeung (4) Moral Kamanusan anu ngawengku moral manusa ka Pangéran, moral manusa salaku pribadi, moral manusa jeung manusa séjénna, moral manusa ka

alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal tujuan hirupna.

5.2 Saran

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan “Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulikan Struktural Dinamik jeung Étnopédagogik)” rékoméndasi tina ieu panalungtikan , di antarana:

- a. Rumpaka tembang Sunda Cianjuran miboga ajén étnopédagogik anu luhung, ku kituna bisa dijadikeun salasihiji bahan ajar pikeun ngaronjatkeun karakter siswa anu luyu jeung étika urang Sunda.
- b. Judul rumpaka tembang Sunda Cianjuran lolobana miboga harti konotatif, ku kituna perlu diayakeun penelitian simbolisasi kana judul-judul tembang Sunda pikeun nalungtik hubungan antara simbol jeung eusi tembang Sunda Cianjuran.
- c. Kagitan nembang mangrupa kagiatan anu dianggap hésé ku masarakat, utamana ku baridak sakola. Ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan cara anu efektif pikeun ngajarkeun tembang ka barudak sakola.